



Pou Piblikasyon Imedya: 23/06/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NEW YORK AP METE FEN NAN ETA DIJANS AKOZ KATASTWÒF COVID-19 LA NAN DAT 24 JEN

Pozitivite mwayèn sou 7 jou nan tout Eta a se 0.36% — Bès rekò pandan 26 jou konsekitif, te bese pandan 79 jou konsekitif

Yo te administre 52,526 dòz vaksen pandan 24 èdtan ki pase yo

6 ka lanmò COVID-19 nan tout eta a yè

Gouvènè Andrew M. Cuomo today te anonse jodi a ke New York ap mete fen nan eta dijans pou katastwòf [ki te deklare nan dat 7mas 2020](#) an pou konbat kont COVID-19 la. Akoz pwogrè konsiderab New York kont COVID-19 la, ak siksè nan pousantaj vaksinasyon yo, ak diminisyon ospitalizasyon ak pozitivite nan tout eta a, eta dijans lan ap ekspire apre jedi 24 jen.

Enstriksyon CDC ap rete anvigè, ki enkli mask pou moun ki pa vaksinen yo, ansanm ak tout moun ki itilize transpò piblik ak nan kèk etablisman tankou swen sante, mezon retrèt, etablisman koreksyonèl, ak abri pou moun ki sanzabri yo. Depatman sante nan gouvènman lokal ak eta yo ap toujou an mezi pou asire ke règleman mask ak lòt prekosyon sante yo respekte nan etablisman sa yo.

Depi mas 2020, divès aksyon te fèt pa dekrè egzekitif pou ede nan entèkansyon rapid ajans eta, gouvènman lokal, lopital ak biznis yo pou pandemi an, lè nou te alafwa sispann oswa modifye lwa yo tanporèman epi itilize enstriksyon tanporè yo. Lopital yo te kapab ajoute espas ak anplwaye, yo te otorize pou rankont yo fèt vityèlman, epi yo te pwolonje anpil dat limit pou adapte nan yon peyizaj ki te chanje.

"New York soti nan youn nan pousantaj enfeksyon ki te pi mal pou pase nan pousantaj enfeksyon ki pi ba nan peyi a, epi tout sa se te akòz efò Nouyòkè yo ki te entelijan, ini epi ki te fè sa ki te nesèsè pandan tout pandemi sa," **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Kounye a nou kòmanse ekri yon nouvo chapit pou yon New York apre COVID--eta dijans lan ap fini epi nou ka konsantre sou reimajine, rebati epi renouvle eta nou an. Sa pa vle di COVID la ale, nou toujou bezwen vaksinen plis Nouyòkè, men n ap retounen sou bon wout la epi kòmanse viv lavi yon lòt fwa ankò."

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brè anba la a:

- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo - 90,350**
- **Total Pozitif - 310**
- **Pousantaj Pozitif - 0.34%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou - 0.36%**
- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize - 474 (-12)**
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital - 64**
- **Pasyan ki nan ICU - 104 (-3)**
- **Pasyan nan ICU ki nan Entibasyon - 60 (-2)**
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo - 184,386 (+68)**
- **Kantite Lanmò - 6**
- **Total Moun ki Mouri - 42,942**
- **Total dòz vaksen yo administre - 20,702,818**
- **Dòz vaksen total yo administre pandan 24 èdtan pase yo - 52,526**
- **Dòz total yo administre pandan 7 jou pase yo - 406,783**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen - 68.6%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete - 62.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 71.2%**
- **Pousantaj Nouyòkè ki gen laj 18 ane ak plis ki gen seri vaksen yo konplete (CDC) - 63.5%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen - 56.9%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki gen seri vaksen yo konplete - 51.2%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki pran omwen yon dòz vaksen (CDC) - 59.1%**
- **Pousantaj nan tout Nouyòkè ki konplete seri vaksen yo (CDC) - 52.3%**

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Rejyon	Dimanch 20 jen 2021	Lendi 21 jen 2021	Madi 22 jen 2021
Capital Region	0.42%	0.40%	0.44%
Central New York	0.40%	0.49%	0.49%
Finger Lakes	0.46%	0.46%	0.48%
Long Island	0.41%	0.40%	0.38%
Mid-Hudson	0.33%	0.34%	0.33%
Mohawk Valley	0.37%	0.33%	0.28%
New York City	0.36%	0.35%	0.35%
North Country	0.58%	0.52%	0.58%
Southern Tier	0.42%	0.40%	0.40%

Western New York	0.27%	0.27%	0.25%
Nan tout Eta a	0.37%	0.36%	0.36%

Pousantaj rezilta tèst pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

Minisipalite nan Vil NY	Dimanch 20 jen 2021	Lendi 21 jen 2021	Madi 22 jen 2021
Bronx	0.40%	0.38%	0.38%
Kings	0.32%	0.31%	0.31%
New York	0.29%	0.28%	0.28%
Queens	0.37%	0.34%	0.35%
Richmond	0.60%	0.61%	0.63%

Yè, te gen 310 Nouyokè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 2,095,233. Yon repatisyon jewografik se konsa:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	24,722	3
Allegany	3,561	0
Broome	18,641	3
Cattaraugus	5,723	0
Cayuga	6,338	0
Chautauqua	8,959	0
Chemung	7,776	0
Chenango	3,507	2
Clinton	4,839	0
Columbia	4,068	0
Cortland	3,931	1
Delaware	2,388	2
Dutchess	29,493	2
Erie	89,620	3
Essex	1,593	0
Franklin	2,563	0
Fulton	4,425	1
Genesee	5,439	0
Greene	3,405	0
Hamilton	315	2
Herkimer	5,196	0
Jefferson	6,159	2
Lewis	2,811	0

Livingston	4,527	2
Madison	4,567	1
Monroe	69,090	11
Montgomery	4,254	0
Nassau	183,825	16
Niagara	20,051	1
NYC	938,747	178
Oneida	22,644	0
Onondaga	38,998	8
Ontario	7,410	2
Orange	48,365	5
Orleans	3,121	0
Oswego	7,633	1
Otsego	3,465	1
Putnam	10,623	0
Rensselaer	11,242	3
Rockland	46,986	5
Saratoga	15,398	2
Schenectady	13,213	3
Schoharie	1,694	0
Schuyler	1,081	0
Seneca	2,011	0
St. Lawrence	6,654	3
Steuben	6,961	1
Suffolk	201,261	24
Sullivan	6,686	2
Tioga	3,838	1
Tompkins	4,353	1
Ulster	13,918	1
Warren	3,668	1
Washington	3,165	1
Wayne	5,791	4
Westchester	129,757	11
Wyoming	3,585	0
Yates	1,179	0

Yè, te gen 6 Nouyokè ki mouri akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin 42,942. Zòn jewografik yo repati konsa, dapre konte rezidans:

Konte	Nouvo moun ki mouri yo
-------	------------------------

Erie	1
Monroe	1
Rockland	1
Seneca	1
Steuben	1
Westchester	1

Tout sit vaksinyasyon an mas Eta New York yo ouvri kounye a pou Nouyòkè yo ki elijib pou vaksinyasyon san randevou sou baz ke se moun ki vini an premye yo ke y ap sèvi anvan. Moun ki ta prefere fikse yon randevou nan yon sit vaksinyasyon an mas eta a jere ka fè sa sou [Am I Eligible App](#) (Aplikasyon Èske Mwen Elijib) oswa lè yo rele 1-833-NYS-4-VAX. Moun yo ka kontakte depatman Sante Lokal, famasi, doktè oswa lopital yo tou pou fikse randevou kote vaksen yo disponib, oswa vizite [vaccines.gov](#) pou jwenn enfòmasyon sou randevou vaksen ki toupre yo.

Yè, 23,674 Nouyòkè te resevwa premye dòz vaksen yo, epi 32,174 te konplete seri vaksen yo. Men yon repatisyon jewografik Nouyòkè ki te vaksinen pa rejyon yo:

	Moun ki gen omwen yon dòz vaksen		Moun ki gen seri vaksen yo konplè	
Rejyon	Total kimilatif	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo	Total kimilatif	Ogmantasyon pandan dènye 24 èdtan yo
Capital Region	661610	889	608123	1397
Central New York	524373	663	483405	903
Finger Lakes	671199	877	620976	1420
Long Island	1494063	3482	1339880	6000
Mid-Hudson	1209337	2653	1081267	3971
Mohawk Valley	258795	377	238482	415
New York City	5244937	12781	4642820	14785
North Country	236127	311	219732	588
Southern Tier	343447	548	316779	626
Western New York	725844	1093	653163	2069

Nan tout Eta a	11369732	23674	10204627	32174
-------------------	----------	-------	----------	-------

[Tablodbò pou Swivi Vaksen Kont COVID-19](#) (COVID-19 Vaccine Tracker Dashboard) la disponib pou mete Nouyòkè yo ajou sou distribisyon vaksen COVID-19 la. Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la egzije etablisman k ap bay vaksen yo pou yo rapòte done pou tout vaksen kont COVID-19 yo bay nan yon delè 24 èdtan; done sou kantite vaksen yo bay yo ap ajou chak jou sou tablodbò a pou reflète mezi ki pi ajou yo nan kad efò vaksinasyon Eta a. Depatman Sante Eta New York la te rapòte done ki soti nan NYSIIS ak CIR lejèman diferan de done yo rapòte sou plan federal la, ki enkli dòz ki administre sou plan federal yo ak lòt ti diferans. Toulede chif yo enkli nan kominike ki anwo a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)